

Prezantasyon sa a, Diminye Risk pou Kòz SIDS nan gadri te devlope pa: Asosye Edikasyon bonè ak Swen, Edikasyon Devlopman Timoun ak, Sant SIDS MA, ak Depatman Sante Piblik MA nan kolaborasyon ak Depatman Edikasyon bonè ak Swen MA. Li te revize pou aprantisaj lwen nan mwa Fevriye 2012.

Pale de lanmò yon timoun difisil nan nenpòt sikonstans. Si ou te fè eksperyans lanmò yon timoun, swa pwòp pa ou oswa yon moun ou pran swen pou li, ou ka vle konplete fòmasyon sa a lè ou gen sipò yon moun ki disponib pou pale. Si ou bezwen pran yon ti repo epi retounen vin kontinye fòmasyon an pita, ou ka fè sa. Jis asire w ou enprime kesyon yo nan fen fòmasyon an epi kenbe yo nan dosye pou revizyon lisans ou. Founisè swen timoun bay yon sèvis esansyèl nan sosyete nou an. Plis paran ti bebe ap enskri pitit yo nan pwogram swen edikasyon pou timoun piti pase anvan. Founisè swen timoun bezwen gen enfòmasyon ki pi ajou konsènan swen ti bebe.

Fòmasyon sa a pral enfòme w sou SIDS. Malgre ke nou pa kapab ankò evite tout lanmò SIDS. Nan sèvi ak enfòmasyon nan fòmasyon sa a pral redwi risk lanmò pa SIDS ki rive nan anviwonman swen pou timoun. Nan konklizyon fòmasyon sa a, ou ta dwe kapab defini SIDS, adrese move konsepsyon sou lanmò pa SIDS, diskite sou faktè risk ki asosye avèk SIDS, fè konsepsyon yon politik dòmi san danje, diskite epi founi sekirite enfòmasyon dòmi bay paran yo, swiv pwosedi ki apwopriye sizoka lanmò yon tibebe ta rive fèt nan pwogram ou an, idantifye ak jwenn aksè ak resous ki asosye ak SIDS.

Kisa Sendwòm Tibebe Mouri Toudenkou ye?

Definisyon nou itilize pou SIDS lan te pran nan yon atik nan patoloji Pedyatik pa Willinger, James, & Catz. SIDS se lanmò toudenkou yon tibebe anba laj yon lane ki rete san eksplikasyon apre yon bonjan envestigasyon; ki gen ladan pèfòmans nan yon otopsi konplè, egzamen sèn kote lanmò a te rive ak revizyon istwa klinik lan.

SIDS se dyagnostik eksklizyon, ki vle di ke tout lòt rezon posib pou lanmò a te elimine anvan yon dyagnostik SIDS aplike. Yon dyagnostik SIDS pran an kont rezilta ki jwenn nan otopsi nan ankèt la nan plas la kote ti bebe a te mouri an ak yon revizyon istwa medikal tibebe a. Pafwa listwa sante fanmi an revize tou.

Malerezman, ekspè yo pa kapab prevwa ki tibebe ki pral mouri nan SIDS. Fè SIDS yo ak faktè risk sou sa a ak pwochen plizyè dyapozitif yo baze sou itilizasyon done nasyonal ki montre kisa, ki lè, ki kote, nan ki laj epi Nan ki sikonstans ti bebe mouri sibatman epi sanzatann.

Done yo soti nan men chèchè yo nan Enstiti Nasyonal pou Sante Timoun ak Devlopman Imen. Sendwòm lanmò sibat tibebe se kòz lanmò pou apeprè 2250 ti bebe nan Etazini chak ane. Sendwòm lanmò sibat tibebe se kòz k'ap menen nan lanmò tibebe ant laj youn ak douz mwa. Depi Akademik Ameriken an ak pedyatri te rekòmande dòmi sou do nan lane 1992, epi aprè lansman kanpay dòmi sou do an nan lane 1994 pousantaj la nan ti bebe yo mete dòmi sou do yo te ogmante dramatikman. Kantite SIDS te diminye pa mwaye. Rechèch yo endike ke gen kèk tibebe ki gen pi wo risk pou SIDS akòz de sèten faktè risk ki siyale nan dyapozitif sa a.

Ti bebe ki anjeneral dòmi sou vant yo tout tan gen prèske 7 fwa plis chans mouri akòzde SIDS pase Tibebe ki dòmi sou do yo. Epi tibebe ki dòmi sou kote yo genyen de fwa plis chans pou mouri akòzde SIDS konpare ak tibebe ki dòmi sou do yo. Ti bebe ki anjeneral dòmi sou do yo epi vin domi sou vant yo genyen 18-20 fwa plis chans mouri akòzde SIDS pase Tibebe ki dòmi sou do yo. Fimen pandan gwosès triple risk pou SIDS epi ekspozé a lafimen dezyèm men double risk la. Aborijèn ak ti bebe Endyen Ameriken yo ant twa ak dis fwa plis chans mouri akòzde SIDS pase ti bebe Blan nou yo. Ti bebe Afriken Ameriken yo gen defwa plis chans ke ti bebe Blan yo pou mouri akòzde SIDS. Ti Bebe ki fèt nan nesans miltip; tankou marasa ak triplè, ti bebe gason yo, ak ti bebe kote manman ki gen mwens pase laj ven lane oswa avèk swen an reta oswa ki pa gen swen anvan akouchman. Timoun Piti anvan tèm ak ti bebe ki fèt anba pwa. Tibebe ki pataje yon kabann, gen yon enfeksyon nan pati anlè aparèy respiratwa ki pa grav oswa grip. Tibebe ki dòmi sou sifas mou, oswa yo chofe yo twòp, gen risk ogmante pou yo tout vin viktim SIDS.

Pataje kabann vle di pataje yon sifas pou dòmi e li ogmante chans pou lakòz SIDS.

Dòmi ansanm vle di pataje yon chanm, men se pa yon kabann epi li pa ogmante risk pou lakòz SIDS. Chèche yo kwè ke pa gen okenn faktè risk semp ki kapab lakòz lanmò ki gen rapò ak SIDS; Men pito yo vini ansanm kòm plizyè faktè risk ki ka kontribye a sa ki lakòz yon timoun mouri nan SIDS.

Twa risk varye teni kont twa faktè sa yo: peryòd nan devlopman kritik konyenside avèk peryòd ak kwasans rapid ak devlopman nan sèvo a pandan sis premye mwa yo nan lavi yo. 90% nan tout lanmò SIDS rive pandan peryòd sa a. Antan ke moun k'ap bay swen nou kapab evite nan peryòd devlopman sa a.

Tibebe ki vilnerab se youn ki gen yon domaj devlopman pwovizwa ki pa kapab detekte. Antan ke moun kap bay swen nou kapab evite tombe nan faktè pre-nesans sa a yo. Malgre paran yo ka fè sa nan pa fimen pandan gwosès, chèche swen regilye ak swen prenatal epi pa ekspozé fetis la a dwòg ak lòt toksin potansyèl. Twazyèm Zòn lan se ajan estresan ekstèn, tankou separasyon ak paran yo pandan premye jou a nan yon pwogram swen pou timoun ak nouvo faktè anviwònman tankou dòmi sou vant, itilize sifas pou ki pa apwopriye pou dòmi tankou bankèt oswa kabann dlo oubyen fimen nan anviwonman tibebe a. Sa yo se sikonstans moun k'ap bay swen yo ka chanje. Toupatou nan prezantasyon sa a nou pral diskite osijè pwoblèm ki jan nou ka limite ajan estresan ekstèn yo pandan peryòd devlopman enpòtan sa a.

De tyè nan timoun piti Etazini yo pase omwen kèk tan nan kote yo bay swen pou timoun. An mwayèn tibebe pase anviwon 22 zèdtan nan yon semèn nan gadri pou timoun. Si ou asime ke SIDS rive egalman nan tout taan ou ka detèmine ke apeprè 8.8% lanmò akòzde SIDS gen plis chans pou rive nan gadri timoun. Menm lè nou ta atann mwens pase 9% nan lanmò SIDS rive nan anviwonman gadri, nimewo sa prèske double sa ki ta estatistikman espere, se pou rezon sa a nou ap konsantre sou diminye risk pou lanmò SIDS nan anviwonman gadri pou timoun. Liy wouj la sou tablo sa a montre yon bès nan lanmò SIDS ant 1990 ak 2001. Akademi Pedyatri Ameriken an te premye rekòmande dòmi sou do an 1992 epi te kòmanse kanpay dòmi sou do an 1994. Depi lè sa a, te gen yon ogmantasyon dramatik nan dòmi sou do nan timoun piti ak yon rediksyon 50% lanmò SIDS nan tout peyi a. Pandan ke nou pa kapab gen enpak

sou peryòd devlopman kritik oswa faktè sa yo risk inatandi ke yon tibebe fèt avel, ou kapab chanje faktè anviwonmantal nan anviwonman swen gadri timoun piti, ou ka fè yon diferans.

Anpil nan estrateji sa yo nesèsè pou yon règleman lisans EEC. Pa egzanp, mete ti bebe a sou do li pou dòmi nan sèvi avèk yon sifas ki fèm pou yo dòmi. Kenbe objè lib andeyò zòn nan couvèti kabann, evite chofe li twòp, sipèvizite tibebe pandan y'ap dòmi tankou sipèvizyon dirèk vizyèl sou yon tibebe ki gen mwens pase sis mwa pandan sis premye semèn yo nan swen. Mete yon sèl tibebe alafwa nan yon playpen oswa bèso, oswa basinè pou dòmi epi pa fimen alantou tibebe yo.

Akademi Pedyatri Ameriken an kounye a konseye sèvi avèk yon sison nan moman lannwit diminye risk pou SIDS. Pou ti bebe ki tete manman, yon sison ta dwe ofri sèlman apre bay tete te etabli anvan. Anplis de sa ou kapab kontinye edike lòt moun sou Sendwòm tibebe ki mouri toudenkou nan pratik yo.

Piske rediksyon risk kapab aplike nan fasilite swen timoun oswa nan pwòp lakay ti bebe a nan enkapòre kat pi gwo estrateji sa yo: An nou gade kat estrateji sa yo nan plis detay. Premye ak estrateji ki pi enpòtan pou diminye SIDS se mete ti bebe a sou do li pou dòmi nan tan kabicha, tan lannwit, tout tan. Ki timoun ki fin granmoun ase pou roule pou pwòp tet pa li? Ou pa bezwen repozisyonnen l'apandant l'apandant, men pa itilize chèz machin, balanswa, chèz wo, chèz resò kòm kote pou mete yon tibebe dòmi. Li sanble tankou yon bagay ki senp pou fè. Konsa, poukisa yo pa mete tout ti bebe sou do yo pou dòmi chak fwa? Kèk moun panse ke mete yon ti bebe sou do li ap ogmante risk pou ti bebe a toufe si krache monte. Anfèt, se opoze a ki verite. Lè l'kouche sou do l', trache a oswa gojèt la anwo oubyen sou tèt tib èzofaj la oswa tib manje a. Manje ki soti nan èzofaj yo ta genyen pou ale kont gravite pou lakòz toufe pandan ke yo nan pozisyon sa a. Tibebe yo aktyèlman gen mwens chans aspire oswa toufe lè yo kouche sou do yo. Gen kèk paran ki gen enkyetid ti bebe a ap devlope yon mak chòv nan dèyè tèt li. Bon, se vre tibebe ki dòmi sou do yo pafwa devlope yon mak chòv. Mak chòv sa yo tanporè. Pandan tibebe a ap grandi, kòmanse chita, leve, li vin pi mobil, cheve a nan dèyè tèt tibebe a ap tounen grandi. Yon mak chòv tanporè se yon ti pri pou yo peye pou evite risk pou Sendwòm lanmò sibit nan tibebe. Paran yo pafwa konsène ke dòmi sou do li pral lakòz ti bebe a gen yon tèt plat. Kèk fwa, tibebe ki fenk fèt gen yon kajolri ki gen fòm tèt ze kòm yon rezilta presyon an sou zo bwa tèt mou yo pandan yo fèt. Sepandan, dòmi sou do kapab kontribye nan plati kalbas tèt la. nan pifò ka yo, tèt plat la ap korije pou kont li lè ti bebe a pase mwens tan sou do li, vin mobil ak chita plis. Ou kapab minimize efè sa a avèk estrateji ki annapre yo: altène ki bò nan bèso a ou mete pye tibebe a. Sa a, pral lakòz li vire natirèlman nan direksyon limyè oswa objè ki nan pozisyon diferan sa ki pral diminye presyon an sou yon bò an patikilye nan tèt li. Epitou, varye pozisyon tibebe a lè li reveye. pase tan kenbe tibebe a nan bra w osi byen ke gade l'ap jwe sou planche sou vant li, epi sou do li. Altène pozisyon tibebe a lè w'ap ba l'bibon, epi evite mete l' 'pou peryòd lontan nan kasit, balanswa oswa chèz a resò oswa lòt ekipman ki kòz friksyon sou dèyè tèt la. Sa a ede minimize devlopman mak chòv tou. Gen kèk ki konsène ke ti bebe a pa pral dòmi pwofondeman, se vre ke kèk tibebe ki kouche sou do yo pa dòmi byen anpil tankou lòt ki dòmi sou vant yo. Gen kèk tibebe ke yo mete sou do yo ka dezagreyab oswa kriye epi pafwa yo pantan nan dòmi epi yo aktyèlman reveye pwòp tèt yo.

Sepandan, absans somèy pwofon la pou ede tibebe piti kont SIDS. Ti bebe ke yo mete dòmi sou lestomak yo domi anpil epi yo gen mwens reyaksyon a bri; yo santi mwens mouvman epi sa k'

pi enpòtan yo mwens kapab reveye yo pase yo. Karakteristik sa yo gen plis chans mete yon tibebe nan pi gwo risk pou SIDS. Konsa, menm si konfò se yon bagay ki enpòtan, sekirite yon tibebe pi enpòtan toujou. Pozisyon dòmi sou do ta dwe itilize menm si tibebe a sanble li dòmi mwens alèz. Yon dezyèm estrateji pou minimize risk SIDS se pou evite twòchofe ti bebe a. Nan yon laj byen bonè, tibebe yo pa kapab kontwòle tanperati kò yo. Avèk letan, kapasite yo pou kontwòle tanperati kò yo ak lòt kontwòl konfò entèn yo ogmante. Siy ki montre ke yon ti bebe twò cho enkli swe, cheve mouye, jou yo vin wouj, gratèl chalè ak respire vit. Yon règ jeneral se abiye ti bebe a fason li ta renmen yo abiye l' pou l' dòmi. Tibebe pa ta dwe chofe twòp nan nenpòt ki lè sitou patikilyèman pa lè yo ap dòmi swa nan bèso yo oswa nan kasit yo. Yon twazyèm estrateji pou diminye chans pou koze SIDS se asire yon anviwonman dòmi san danje, ak sipèvizyon ki adekwat. Fason ki pi an sekirite pou yon tibebe dòmi se sou do li ak sekirite nan yon bèso ki apwouve san danje. Li pa gen okenn eksè dra sou kabann lan ak bèt boure. Tibebe a ta dwe dòmi nan yon anviwonman ki pa gen lafimen sigarèt. Bèso a ta dwe apwouve pou sekirite epi fant ki separe yo pa dwe depase plis pase 2 a3/8 pous apa. Matla ki byen fèm nan ta dwe byen taye pou bèso a, bèso pòtab oswa ankadreman pak tibebe. Espas ki ant kote matla ak ankadreman bèso a pa ta dwe pi laj pase lajè de dwèt yon granmoun. Epi matla a ta dwe gen yon dra ki byen chita sou li. Li se pi bon pratik pou pa mete tibebe a dòmi nenpòt kote, apa nan yon bèso ki apwouve pou sekirite. Chèz, kanape yo, matla dlo, kousen ak kabann estanda oswa kabann granmoun pa sifas pou dòmi an sekirite paske tibebe ka tonbe oswa vin anprizone nan krevas ki gen nan mèb yo oswa ant kousen yo paske yo pa founi yon sifas pou dòmi ki fèm. Bèso a pa ta dwe gen ladan eksè dra, lenn oswa zòrye. Twòp kouvèti, dra boure, lenn ak zòrye ka afekte kapasite ti bebe a pou respire si bagay sa yo vin kouvri figi yo. Jwèt epi bèt boure osi byen ke pantalon eksepsyonèl ak pwent pa ta dwe ale nan bèso yo. Epi bèso a ta dwe toujou nan yon anviwonman san lafimen sigarèt.

Lè w'ap transpòte yon tibebe, asire w ke tibebe a pa twò chofe ak twòp dra oswa anpil rad lou. Asire ou ke pa gen kouvèti oswa chapo oswa bòt ki ka baskile desann sou figi yon tibebe k'ap souke epi pa gen gwo bèt boure ki ka entèfre ak posibilite pou tibebe a respire lè fre. Eseye limite kantite tan ou pase nan mwayen transpò, epi pa janm fimen lè gen yon timoun piti nan machin nan. Yon katyèm estrateji pou diminye chans pou lakòz SIDS se tan sou vant. Lè yo mete sou vant yo pandan je yo klè epi sipèvize, sa pèmèt ti bebe a opòtinite pou li devlope misk fò pou rale ak woule, sa ki ede redwi risk pou lakòz SIDS ak lòt mouvman. Tibebe ta dwe gen tan sou vant touswit soti nan premye jou lavi yo. Ou dwe kominike avèk ti bebe a pandan tan sou vant yo pou ti peryòd kout; de oswa twa fwa chak jou. Ogmante kantite tan an lè ti bebe a montre plezi nan aktivite sa yo. Yon pi bon tan pou fè sa a se aprè ou fin chanje kouchèt li oswa lè tibebe a fèk revèye soti nan yon ti kabicha. Pou kòmanse, gen kèk tibebe ki ka pa renmen pozisyon tan sou vant yo. Mete tèt ou oswa yon jwèt devan ti bebe an. Genyen plizyè fason yo jwe avèk ti bebe pandan tan sou vant. Si ou mete tèt ou oswa jwèt la kote tibebe a pa ka manyen l' ti bebe a va rive lonje pou touche ou oswa jwèt la. Epi deplase jwèt la soti nan diferan pozisyon bò kote tibebe a ede li devlope misk ki apwopriye pou woule, vire sou vant li, rale. Ou ta ka kouche sou do ou epi mete tibebe a sou pwatrin ou. Ti bebe a ap leve tèt li epi sèvi ak bra l' pou eseye wè figi ou. Pandan ke yon granmoun ap veye li, fè yon jèn timoun jwe ak ti bebe a pandan tan sou vant lan. Jèn timoun ka bese sou planche a fasilman. Epi yo jeneralman gen enèji pou jwe avèk tibebe a; reyèlman jwi wòl yo kòm yon

gwo timoun epi yo renmen pran plezi tèt yo tou. Yon lòt fason pou diminye chans pou lakòz SIDS se diskite SIDS ak paran yo nan pwogram ou an. Ba yo materyèl SIDS tankou bwochi dòmi sou do a oswa feyè SIDS EEC yo nan lang natif natal yo nenpòt lè li posib. Esplike règleman EEC an ki egziye pou ou mete tibebe a sou do li pou l' dòmi. Epi ankouraje paran yo mete ti bebe sou do yo pou dòmi nan kay la. Esplike paran yo ke ou dwe gen yon lòd ki siyen pa doktè tibebe a si ou dwe mete yon ti bebe sou kote li oswa sou vant li pou dòmi pandan ke yo nan swen ou. Tankou nou te di l' nan kòmansman an, tout teknik sa yo ede redwi risk pou lakòz SIDS, men yo pa elimine risk yo. Pou rezon sa, li enpòtan pou mete yon plan ijans medikal an plas. Kenbe yon plan nan yon plas ki vizib tankou sou miray la bò bèso tibebe a oswa omwen nan chanm lan kote tibebe a dòmi. Asire w' ke w' mete nimewo ijans nan oswa bò kote chak telefòn nan pwogram ou an. Epi gen yon telefòn ki fasil pou pran pou sèvi nan yon ka ijans nenpòt lè timoun yo nan swen ou. Si ou ta vreman kontre tibebe ki pèdi konesans, ou ta dwe kòmanse imedyatman yon sekans CPR epi rele 911. Retounen bay CPR epi rele moun ijans sipò ou. Voye oswa pote dosye medikal tibebe a nan lopital la. Akonpaye tibebe a nan lopital la si sa posib. Avize paran yo, avèti sipèvizè a si ou gen youn oswa sistèm gadri ou a epi avize EEC. Mèsi pou atansyon ou nan prezantasyon sa a sou Diminye Risk pou SIDS nan Gadri pou timoun.

Pou jwenn sètifika fòmasyon ou an, tanpri swiv enstriksyon ki sou dyapozitif k'ap vini an. Tanpri, kopye epi kole adrès URL la ki nan dyapozitif sa a epi ale nan yon nouvo dokiman ki rele feyè SIDS, telechaje epi enprime tout kat paj dokiman yo. Reponn kesyon ki sou premye paj la epi teste konpreyansyon ou sou sa nou diskite jodi an. Aprè ou fin reponn tout kesyon yo konpare repons pa ou yo ak repons kle yo nan paj 2. Si repons ou yo pa mache ak sa ki nan repons kle a, ou ka vle wè prezantasyon sa a ankò. Paj 3 se sètifika fòmasyon ou an. Ranpli non ou ak dat jodi a sou sètifika fòmasyon an epi kenbe tout dokiman sa yo nan dosye fòmasyon ou an pou montre lisans EEC ou. Paj 4 se yon lis resous pou plis enfòmasyon sou SIDS. Mete resous enfòmasyon an kote w'ap kapab jwenn li si w' bezwen plis enfòmasyon pi ta.